# Summer EBT Eta New York - Aplikasyon pou Fanmi

## Ou ka ranpli aplikasyon sa a sou entènèt nan OTDA.ny.gov/SummerEBT. Aplike sou entènèt se fason ki pi rapid ak pi fasil pou w aplike!

Aplikasyon sa a se pou detèmine kalifikasyon pou Transfè Elektwonik Benefis nan Ete (Summer EBT) pitit ou a ka kalifye pou yo. Fòm sa a pa pou kalifikasyon pou manje gratis/pri redui nan lekòl pitit ou a. Li enstriksyon ki nan paj 4 la, ranpli **yon sèl** fòm pou moun lakay ou, siyen non w epi retounen li nan adrès ki anba a. Yon moun ki pa nan kay la ka deziyen kòm reprezantan otorize si sa nesesè. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Summer EBT, ki gen ladann dat limit pou soumèt aplikasyon an, vizite otda.ny.gov/SummerEBT.

**Voye fòm rankle sa a bay:**
**NYS Office of Temporary and Disability Assistance**
**Summer EBT**
**40 North Pearl Street, 9th Floor**
**Albany, NY 12243**

### PATI 1. Mete tout timoun lakay ou ki ale lekòl (ajoute lòt fèy si sa nesesè):

| | | | | Tcheke kaz la sèlman si timoun nan resevwa nenpòt nan sa ki annapre yo nan ane lekòl 2024-2025. | | | Ochwa |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Non Elèv la (Prenon ak Siyati) | Dat li fèt (MM/JJ/AAAA) Pa egzanp: 10/15/2016 | Nimewo ID Elèv (Ochwa) | Non lekòl li te ale nan ane eskolè 2024-2025 | Fanmi Dakèy | Pwogram pou moun ki san kay/ moun ki sove kite kay/ imigran | SNAP<br>TA (lajan kach)<br>Medicaid<br>Si ou tcheke, ranpli Pati 2. | Ras/Etnisite* Antre lèt ki anba a |
| | | | | ☐ | ☐ | ☐ | |
| | | | | ☐ | ☐ | ☐ | |
| | | | | ☐ | ☐ | ☐ | |
| | | | | ☐ | ☐ | ☐ | |
| | | | | ☐ | ☐ | ☐ | |
| | | | | ☐ | ☐ | ☐ | |

*RAS/ETNISITE – Antre lèt ki nan lis apre kategori ki pi byen dekri elèv la. Reponn seksyon sa a opsyonèl epi li pa afekte kalifikasyon pitit ou yo pou Summer EBT a.
Ispanik oswa Latino (H) Ameriken natif natal oswa Alaska natif natal (I) Azyatik (A) Nwa oswa Afriken Ameriken (B) Natif natal Awayi oswa Zile Pasifik (P) Blan (W) Enkoni oswa pa bay (U)

**Ale nan Paj 2**

## PATI 2. Benefis SNAP/TA/Medicaid/FDPIR:

Si elèv la resevwa benefis SNAP, Asistans Tanporè (lajan kach) (Temporary Assistance, TA) oswa Distribisyon Manje nan Rezèv Endyen (Food Distribution on Indian Reservation, FDPIR), lis non elèv la, fè yon sèk ki pwogram li resevwa, epi mete nimewo DOSYE pou pwogram sa a. Apre sa, ale nan Pati 4 epi siyen aplikasyon an. Nimewo dosye a obligatwa.

Non: ______________________________ SNAP TA Medicaid FDPIR DOSYE #______________________

Non: ______________________________ SNAP TA Medicaid FDPIR DOSYE #______________________

Non: ______________________________ SNAP TA Medicaid FDPIR DOSYE #______________________

Non: ______________________________ SNAP TA Medicaid FDPIR DOSYE #______________________

Non: ______________________________ SNAP TA Medicaid FDPIR DOSYE #______________________

## PATI 3. Revni Brit Fanmi an:

Mete **tout moun** k ap viv nan kay ou a, enkli tout adilt, chak timoun ki endike anwo a, ak nenpòt lòt timoun ki pa ale lekòl. Pou chak moun ki gen nenpòt kalite revni, mete nan lis konbyen ak konbyen fwa yo peye yo (**chak semèn, chak de semèn, de fwa pa mwa, chak mwa**). Pa kite pati revni an vid. Si pa gen revni, tcheke kaz la. Si ou te site yon timoun adoptif pi wo a, ou dwe rapòte revni pèsonèl li.

| Non manm nan kay la | Salè nan travay anvan Dediksyon ***Kantite / Konbyen fwa*** | Pansyon Alimantè pou Timoun, Pansyon Alimantè ***Kantite / Konbyen fwa*** | Pansyon, Pèman retrèt ***Kantite / Konbyen fwa*** | Lòt Revni ***Kantite / Konbyen fwa*** | Pa gen revni |
|---|---|---|---|---|---|
| | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | ☐ |
| | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | ☐ |
| | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | ☐ |
| | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | ☐ |
| | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | ☐ |
| | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | ☐ |
| | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | ☐ |
| | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | $ ________ / ________ | ☐ |

**Ale nan Paj 3**

**PATI 4. Siyati:** Se yon adilt nan kay la ki dwe siyen aplikasyon sa a.

Lè mwen antre non mwen anba a, mwen sètifye (pwomèt) tout enfòmasyon mwen bay yo se verite ak kòrèk, epi mwen dispoze kolabore nan fè nenpòt efò pou verifye enfòmasyon mwen bay yo. Mwen konprann sa a se pa yon aplikasyon pou manje lekòl gratis/pri redwi, epi enfòmasyon mwen bay yo pral sèlman itilize pou detèmine si pitit mwen an kalifye pou benefis manje Summer EBT. Mwen sètifye anplis timoun nan/yo ki nan aplikasyon sa a p ap resevwa benefis Summer EBT pandan ete nan yon lòt eta. Aplikasyon sa a fèt anrapò ak resevwa lajan Federal yo, epi si mwen fè espre m bay fo enfòmasyon, pitit mwen an/yo ka pa kalifye pou benefis Summer EBT epi mwen ka sibi pouswit dapre lwa kriminèl Eta ak Federal ki aplikab yo.

Antre non adilt nan kay la (oswa reprezantan otorize) ki ranpli aplikasyon an, siyen, epi bay enfòmasyon pou kontakte. Nou ap itilize adrès ak adrès imel la pou voye enfòmasyon sou kalifikasyon Summer EBT ak kat benefis EBT pandan ete yo. Tanpri asire enfòmasyon sa yo konplè epi enprime klèman.

**Non an lèt detache:** ____________________________________________

**Siyati:** ______________________________________________________________________ Dat**:** ____________

Imèl (pa obligatwa): ____________________________________________________________

Telefòn prensipal: ______________________________________________________

Adrès: ___________________________________________________________________________________________________

Nimewo Apatman/Etaj/Inite:_________________________________________________________________________________________

Vil/Eta/Kòd Postal: ___________________________________________________________________________________________________

# ENSTRIKSYON sou Aplikasyon Summer EBT

**PATI 1** **TOUT FANMI DWE RANPLI ENFÒMASYON SOU ELÈV. PA RANPLI PLIS PASE YON FÒM POU FANMI OU.**

(1) Ekri ak lèt detache non timoun yo, enkli timoun adoptif, pou moun ou ap aplike sou yon fòm.
(2) Pou chak timoun, mete dat nesans, non lekòl la, ak Nimewo ID Elèv. Nimewo ID elèv la opsyonèl men li pral ede ou trete aplikasyon ou a pi rapid ak presizyon. Nimewo sa a lekòl la bay pitit ou gen jiska 9 chif. Ou ka mande lekòl pitit ou a pou nimewo sa a si w bezwen li. Elèv yo dwe ale nan yon lekòl ki patisipe nan Pwogram Nasyonal Manje nan Lekòl Nasyonal (National School Lunch Program, NSLP) pou yo ka kalifye.
(3) Tcheke kaz la pou endike si timoun nan se yon timoun adoptif; nan yon pwogram moun ki sove, imigran oswa san kay; ki ap resevwa SNAP/TA oswa Medicaid; ak kesyon opsyonèl sou ras/etnisite.

**PATI 2** **TIMOUN KI JWENN SNAP, TA, MEDICAID, OSWA FDPIR DWE RANPLI PATI 2, SOTE Pati 3 epi SIYEN PATI 4.**

(1) Enskri yon nimewo ka SNAP, TA, Medicaid oswa FDPIR aktyèl pou nenpòt moun ki ap viv nan kay ou a. Pa sèvi ak nimewo 16 chif ki sou kat benefis ou a. Nimewo ka a twouve l sou lèt benefis ou a.
(2) Yon adilt nan kay la dwe siyen fòm lan nan PATI 4. **SOTE PATI 3** si nenpòt timoun gen SNAP, TA, Medicaid, oswa yon nimewo ka FDPIR.

**PATI 3 AK 4** **TOUT LÒT KAY YO DWE RANPLI TOUT PATI 3 AK 4.**

(1) Ekri non tout moun nan kay ou a, kit yo jwenn revni oswa ou pa jwen. Mete tèt ou, timoun ou ap ranpli fòm lan pou yo, tout lòt timoun yo, mari oswa madanm ou, granparan yo, ak lòt moun ki gen rapò ak moun ki pa gen rapò ki ap viv lakay ou. Sèvi ak yon lòt moso papye si ou bezwen plis espas.
(2) Ekri kantite revni aktyèl chak manm nan kay la resevwa, anvan taks oswa nenpòt lòt bagay yo retire, epi endike kote li soti, tankou salè, byennèt, pansyon ak lòt revni (Sekirite Sosyal, Benefis Asirans Chomaj, kantite lajan kach yo resevwa oswa yo retire. soti nan nenpòt sous, tankou ekonomi, envestisman, kont konfyans, ak lòt resous ki disponib pou peye pou manje yon timoun). Si revni aktyèl la te plis oswa mwens pase nòmal, ekri revni nòmal moun sa a. **Presize konbyen fwa yo resevwa montan revni sa a: chak semèn, chak lòt semèn (chak de semèn oswa 26 fwa/ane), de fwa pa mwa (24 fwa/ane), oswa chak mwa. Si pa gen revni, tcheke kaz la.** Fanmi yo dwe satisfè rekòmandasyon revni yo pou Summer EBT yo ka elijib (ale sou OTDA.ny.gov/SummerEBT pou plis enfòmasyon).
(3) Mete adrès lakay ou kote yo ta dwe voye kat Summer EBT, si sa aplikab. Si ou gen entansyon demenaje, oswa ou fèk deplase soti nan Eta New York, ou ta dwe aplike pou benefis Summer EBT nan Eta kote timoun nan pral fini oswa fini ane lekòl la imedyatman anvan vakans ete a.

## Itilizasyon Deklarasyon Enfòmasyon

Lwa Nasyonal Richard B. Russell sou Manje nan Lekòl (Richard B. Russell National School Lunch Act) egzije pou nou itilize enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a pou detèmine ki moun ki kalifye pou benefis Summer EBT. Nou ka sèlman apwouve fòm konplè. Nou ka pataje enfòmasyon sou elijiblite ou ak pwogram edikasyon, sante ak nitrisyon pou ede yo bay fanmi ou benefis pwogram yo. Enspektè ak lapolis ka itilize enfòmasyon ou yo tou pou asire règleman pwogram yo respekte. Gen kèk timoun ki kalifye pou Summer EBT san yon aplikasyon. Tanpri kontakte Eta w oswa ITO w pou w jwenn Summer EBT pou yon timoun adoptif, ak timoun ki san kay, ki migran oswa ki sove.

## Deklarasyon Kont Diskriminasyon USDA

Dapre lwa federal dwa sivil yo ak règleman ak politik dwa sivil Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture, USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil anvan yo.

Enfòmasyon sou pwogram lan ka disponib nan lòt lang ki pa angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte ajans eta oswa lokal ki responsab ki administre pwogram nan oswa TARGET Center USDA a nan (202) 720-. 2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Federal Relè (Federal Relay Service) nan (800) 877-8339.

## ENSTRIKSYON sou Aplikasyon Summer EBT

Pou depoze yon plent diskiriminasyon pou pwogram nan, yon Pleyan dwe ranpli yon Fòmilè AD-3027, Fòmilè Plent Diskriminasyon Pwogram USDA ke w ka jwenn sou entènèt nan: https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf , nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (866) 632-9992 oswa lè w voye yon lèt bay USDA. Lèt la dwe gen ladan non, adrès, nimewo telefòn pleyan an ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a avèk ase detay pou enfòme Sekretè Asistan pou Dwa Sivil (Assistant Secretary for Civil Rights, ASCR) la sou nati ak dat swadizan vyolasyon dwa sivil la. Fòm oswa lèt ki ranpli AD-3027 la dwe soumèt bay USDA pa: (1) LAPÒS: U.S. Department of Agriculture, Office of the Assistant Secretary for Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, D.C. 20250-9410; (2) FAKS: (833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa (3) IMÈL:program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa se yon founisè opòtinite egal.

Anplis, lwa Eta New York entèdi diskriminasyon ki baze sou ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, estati sitwayènte oswa imigrasyon, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl, estati militè, sèks, andikap, eta sivil, oswa estati kòm yon viktim vyolans domestik.